


KUTORA MASUWO EMUVENGI

 Mangwanani akanaka, mose. Uye ndinofara kudzoka zvakare mangwanani ano patabhenakeri, kuzonamatira vanorwara nhasi. Ndizvo, kazhinji, tinoedza kupinda makuri, nguva nenguva, uye—uye tonamatira vanhu vanouya kubva kunzvimbo dzakasiyana-siyana, kuti vanamatirwe.

Uye zvino tichange tichibva munguva pfupi iri kutevera, zvino, kuenda kumisangano yekuCalifornia neKumahombekombe eKumadokero. Uye tinokumbira zvikuru minamoto yenyu, kuti Mwari veKudenga vagotiitira tsitsi ikoko uye vagotipa shumiro huru.

Ndakatongopinda, nezuro, kana kuti husiku hwapfuura, ndingadaro, nguva dzaenda. Uye nezuro raive rimwe re... Zvino, marimwezuro, nanezuro, akanga ari rimwe remazuva makuru kwazvo emuhupenyu hwangu. Imomo, ndinoziva vanhu vangangoita 2, kana 3, vari muchivakwa vakava chapupu chekuburuka kwaShe, nezuro. Uye chimwe chinhu chikuru, chinoshamisa chakaitika, icho chandisina nguva mangwanani ano kuti ndikuudzei. Asi pamwe Svondo inotevera mangwanani, tisati tasimuka, pamwe ndingava nenguva, muMharidzo, kuti—kuti ndikuudzei. Kana Ishe vachitendera, ndichange ndiri pano, kungoti ndinamatire vanorwara, Svondo mangwanani. Tingada kuenda panguva dzamasikati, kana zvichibvira, kumisangano wekuSan Jose muSan Jose, California. Uye kana muine vanhu vari munharaunda, Kumahombekombe eKumadokero ikoko, ndiyo, tinotenda, zvichida ichava nguva yandakatarisira, kwenguva yakareba, shanduko mushumiro yangu iri kuuya. Uye yave pedyosa, ndakafunga kuti yaizoitika nezuro. Uye ndinotenda kuti iri kuzoitika iko zvino, uye ichange yakapfuurira chero chii zvacho chatakamboona kana kunzwa, pari zvino. Zvino, rangarirai, iZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Uye saka tiri kungoitarisira, chero nguva.

Uye tiri kuzova nemusangano zvino pafair grounds. Ndinotenda kuti ndizvozvo, handizvo here, Gene? Kufair grounds kuSan Jose, California. Uye uchave musangano wemazuva 10, kutanga musi wa 20, kusvika musi wa 29, ku—kuSan Jose. Zvino, ingovai nekutirangarira uye muchitinamatira.

Zvino tine tingati, kana tikabuda nenguva, ingangoita awa imwe nehafu zvino, yatichatanga shumiro dzedu dzekunamatira vanorwara uye nekuunza Shoko. Ndasarudza, mangwanani ano, chikamu chiduku cheGwaro, nzvimbo 2 muBhaibheri, dzekuti nditaure pamusoro padzo.

Asi tisati tataura, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana, kuti tinamate.

² Mwari mune nyasha zhinji, tinoswедера takazvinipisa pachigaro cheNyu chenyasha mangwanani ano, sevana vasina kukodzera, asi tichiuya nokutenda kusina kusvibiswa muna Mwari, kwakapihwa kwatiri noMweya Mutsvene, neHupo hwaKe hunesu nguva dzose, uye kubudikidza nevimbiso yaIshe Jesu, kuti kana tikauya tichizvinipisa uye tikakumbira chero chinhu muZita raKe, tichapihwa chikumbiro chedu. Naizvozvo, hatitarise shure pane zvakanaka zvedu, nokuti hatina chero zvakadaro, asi tinotarisa shure pane kunaka kweKarivhari, uko nyasha dzedu dzakapihwa kwatiri pachena neMwanakomana waMwari. Uye hatigone kudzivisa misodzi iyo inoyerera pahuro yedu, patinofunga nezvedu isu, vanhu vasina kukodzera, uye kuti nenyasha dzaKe paKarivhari Akatiitira izvozvo, kuti tiswededzwe pedyo kwazvo naMwari, kunyangwe kuhukama. Uye zvino tiri vanakomana navanasikana kwaVari.

³ Uye tauya mangwanani ano, Ishe, pasi pedenga diki rino, kuti tizvikumikidze, uye nokushumira, tichireurura zvivi zvedu, uye—uye nemukunamata Mwari. Tinovimba kuti Muchava nesu uye mugotipa muono wepamweya wekuuya kweNyu kwave pedyo, kuti tigadzirire mwoyo yedu zuva nezuva kuchiitiko chikuru ichocho changa chakatarisirwa kwezviuru zvevakore. Chokwadi zvisikwa zvese zviri kugomera, zvichichemera kusunungurwa. Uye mweya yedu iri matiri, Ishe, inoramba ichipupura, kuti, “Tiri vafambi nevatorwa, uye uno hausi musha wedu, asi tinotsvaka Guta iRo Muvaki neMuiti waro ari Mwari.” Tinotarisirwa nguva huru iyoyo kuti igouya.

⁴ Ishe, tinorangarira kuti misangano iyi, patinoungana pano, tinonamatira vana veNyu vanorwara nevanotambudzwa. Uye tinokumbira kuti Musangane nesu nhasi nenzira yakanyatsotsaurwa, kupodza zvirwere zvose nehosha zviri pakati pedu. Zvino zvingangodaro, Ishe, kuti vimbiso iyi yandichangobva mukutaura nezvayo, mumusangano neMi ikoko nezuro, ipapo kuchangobva kuyedza, uye kuti Makazvisimbisa ndokuzvisimbisa mukazvisimbisazve. Uye tinonzwa kuti nguva yava pedyo zvikuru. Uye dai rino rikava zuva racho, Ishe, rekuti zviitike, kuti Mugoshandura shumiro, Ishe, ichiva chimwe chinhu chine nyasha dzakawedzerwa kuvanhu veNyu.

⁵ Uye zvino, Baba Mwari, hatisi kuzongonamatira ava vari pano chete, asi avo vakapararira pasi rose, avo vanoshayiwa, zvose pamweya nepanyama. Ipai kwavari, O Ishe, zvishuwo zvemoyo yavo, nekuti vana veNyu vari kunetsekana mumazuva ano. Kutsimbirira kwemuvengi kwakasimba kwazvo, asi iMi makasimba kumudarika. Nokuti zvakanyorwa kuti, “Mukuru Uyo ari mamuri kune ari munyika.” Naizvozvi tinokunda. Taurai kwatiri kubudikidza neShoko reNyu rakanyorwa. Uye kana tabva pano mangwanani ano, dai tikataura sevaya vaibva

kuEmausi, “Moyo yedu haina kutsva here mukati medu paAnga achitaura nesu munzira?” Tinozvikumbara muZita raJesu, Uyo akapa vimbiso yacho. Amen.

⁶ Ndiri kuverenga zvino kubva munzvimbo 2 muBhuku raGenesi. Imwe yacho inowanikwa muchitsauko 24, kutanga nendima 56, inoverengwa sezvizvi.

Zvino iye wakati kwavari, Musandidzora henyu, muchiona kuti JEHOVHA akandifambisa zvakanaka parwendo rwangu; chindiregai kuti ndiende kuna tenzi wangu.

Zvino vakati, Tichadana musikana, tinzwe nemuromo wake.

Zvino vakadana Rabheka, uye vakati kwaari, Uchaenda nomurume uyu here? Zvino akati, ndichaenda.

Zvino vakaendesa Rabheka neyavo hanzva-... hanzvadzi yavo, nomureri wake, nomuranda waAbrahama...

Zvino vakaropafadza Rabheka, uye vakati kwaari, Uri hanzvadzi yedu, uve mai vezviuru zvamamiriyoni, uye mbeu yako ngaitore suwo reavo vanovavenga.

⁷ Uye muna Genesi 22, ndima 15, tinoverenga.

Zvino mutumwa waJEHOVHA wakadana Abrahama rwechipiri kubva kudenga,

Uye akati, Ndakapika neni ndimene, vakadaro JEHOVHA, nekuda kwekuti waita chinhu ichi, iwe ukasa-...ndinyima mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe chete:

Kuti mukuropafadza ndichakuropafadza, uye mukuwanza ndichawanza vana vako kwazvo senyeredzi dzo...kudenga, uye sejecha...riri pamahombekombe egungwa; uye mbeu yako ichatora suwo remuvengi wayo;

Uye mumbeu yako ndudzi dzose dzenyika dzicharopafadzwa; nekuti wakateerera izwi rangu.

⁸ Zvino dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweMashoko aVo. Zvino ndinoda kutora, kana chinganzi chidzidzo, musoro wangu wenyaya mangwanani ano, kutanga, ndewekuti, “Kuyedzwa usati wasvika pamasuwo akavimbiswa.” Uye musoro wenyaya unoti: *Kutora Masuwo eMuvengi.*

⁹ Mwari vakanga vachiedza tateguru, nokuti Vakanga vamupa vimbiso. Uye kana Mwari vakaita vimbiso, Vanoda kuva nechokwadi kuti munhu uyu akakodzera vimbiso yacho, vasati Vazadzisa zvaVakataura kana zvaVakavimbisa. Saka Abrahama akanga avimbiswa kuti kubudikidza nembeu yake

nyika yose yaizoropafadzwa, kuti aizova nemwanakomana. Uye, mwanakomana uyu, kubva maari munofanira kubuda Mbeu yaizoropafadza nyika yose. Zvino Abrahama, vimbiso payakapihwa kwaari, akanga ava nemakore 75 okuberekwa; uye Sara, mudzimai wake, akanga ava nemakore 65 okuberekwa. Asi Bhaibheri rinotiudza kuti Abrahama haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, kubudikidza nokusatenda, asi aive akasimba, achipa rumbidzo kuna Mwari. Uye Mwari, nguva nenguva, vakamuyedza, asi akanga asvika kumuyedzo iwoyo wekupedzisira ropafadzo risati raitika.

¹⁰ Uye ndizvo zvazviri neMbeu yose yaAbrahama. Mwari vanotipa muyedzo iwoyo wekupedzisira Vasati vapa vimbiso. Uye dai zvaibvira, ndinoda kutaura chimwe chinhu pano, changu ini, asi ndichambozvinyarara. Muyedzo wekupedzisira iwoyo, kuona kuti uchaita sei pamusoro pawo. Zvino paVakapa Abrahama muyedzo uyu, Vakawana Abrahama akangotendeka sezvaive paakatanga. Ringave ropafadzo rakadii mangwanani ano kana isu vanotora vimbiso yaVo yekupodzwa tikangomira takanyatsotendeka sezvatakaita patakamira pano uye tikaigamuchira. Zvisinei kuti chiremba akati kudii, womira wakangotendeka.

¹¹ Zvino paakaita izvi, uye akasaramba nemwanakomana wake mumwe oga, asi akanga otoda kunyudza banga muchifuva chaIsaka, kuti aparadze huchapupu hwake. Akanga apupura, kwese-kwese pasi rose raizivikanwa iro raaiziva iye, kuti akanga ari kuzova nemwanakomana uyu. Uye zvakare mwanakomana paakauya, akakumbirwa kuti adzokezve nenzira yake, uye agoparadza tariro yoga yaakanga ainayo yekuti huchapupu hwake huzadziswe. Zvino Mwari pavakaona kuti akanga akatendeka pakutenda kwaaiva nako muna Mwari, Mwari vakatarisa kubva kumatenga uye Vakati, “Ndapika neNi ndimene kuti Ndichakuropafadza nokukuwanza, uye mbeu yako ichatora suwo romuvengi wayo.” Ivimbiso yakadini!

¹² Zvino Rabheka, uyo aizova amai vemwanakomana uyu akafanotaurwa, akavimbiswa, akamirirwa, paakadanwa kumuyedzo wokupedzisira, wemurume mutorwa waasina kumbobvira akaona kumashure, akaona bedzi kushanda kweMweya Mutsvene. Uye vabereki vake pavakatadza kupa sarudzo izere yokuti oenda here nemutorwa uyu kana kuti kwete, kuti ave mudzimai wemurume waakanga asati amboona, akaunzwa kumuyedzo wokupedzisira. “Tichatora musikana wacho uye tomurega kuti ataure. Tichanzwa kubva mumuromo make kuti achaenda here, hongu kana kwete.”

¹³ Ndiyo nzira yazvinounzwa nayo kuMbeu yose yaMwari. Unofanira kuva muromo wako. Mwari vanoda kunzwa kubva kwauri.

¹⁴ Saka paakaiswa pakuyedzwa, haana kumbozengurira

kana nepadiki pose. Akati, “Ndichaenda.” Ndinozvifarira izvozvo. Kwete kuti, “Regai ndimbofunga. Regai ndimboona.” Anga akanyatsogutsikana zvizere. Ndivo vanhu vanogona kushandiswa naMwari, kana wanyatsogutsikana zvizere kuti Mwari vanochengeta vimbiso yaVo. Akati, “Ndichaenda.”

¹⁵ Uye vanhu vake ipapo, vakazodzwa kwazvo, zvichida vaisazviziva, asi vakaporofita vachiisa maoko avo pamusoro pehanzvadzi yavo, nemukunda wavo; musikana wechidiki uyu akanaka, wechiJudha, pavakamugadzika pangamera ndokumuendesa kunyika yavatorwa, pakati pavanhu vatorwa. Asi pakanga paine chimwe Chinhu pavari. Vakati, “Mbeu yako ngaitore suwo remuvengi wavo. Iva amai vezviuru zvemamiriyoni.”

¹⁶ Uye, nhasi, rudzi irworwo rwevanhu nevanhu vaMwari vakapararira kubva kugungwa vachienda kune rimwe gungwa, pasi rose. Murumuko irworwo vachava senyeredzi dzoKudenga, apo zviedza zviya zvinopenya pazvinomira panzvimbo yazvo, pazvinenge zvichifamba nemuchadenga. Uye pavanouya, vachange vakaita semakungwa ari pa...kana jecha riri pamahombekombe egungwa. Pachava nezviuru zvemamiriyoni avo.

¹⁷ “Mbeu yako ichatora suwo romuvengi wayo.” Ndiyo vimbiso yemhiko yaMwari, “Mbeu yaAbrahama.”

Zvino, kubudikidza neMweya waVo Mutsvene, achiona kuti amai vaifanira kuzova chikamu chemwanakomana, zvakare, nokuti ivo chikamu chenyama. Zvino, Mweya Mutsvene uchishanda kubudikidza nemuvanhu ava, wakati, “Iye... Mbeu yako ngaitore suwo remuvengi.” Zvino, Mwari vachipika kuti Vaizatora suwo remuvengi, zvino izvozvo zvinoisa Chechi yaMwari mupenyu panzvimbo ipi?

¹⁸ Tiri Mbeu yaAbrahama. Nokuti, isu, zvatakafa muna Kristu, tiri, tinitora Mbeu yaAbrahama uye tiri vadyi venhaka pamwe chete naye, pasi pevimbiso yemhiko imwe cheteyo. Tiri Mbeu yaAbrahama, uye tiri vadyi venhaka yevimbiso yose yakapihwa kwaari. Asi kana miyedzo yauya, ndipo patinokundika ipapo. Asi handitende kuti Mbeu yechokwadi yaAbrahama ichakundika. Vachamira vakangoshinga uye vakavimbika sezvakaita Abrahamu.

¹⁹ Zvino tinoona kuti Mwari havagoni kutaura chero chinhu kana—kana kuita vimbiso ipi zvayo kunze kwekunge Vachizoizadzikisa. Vanofanira kuita izvozvo kuitira kuti vave Mwari. Makore akazotevera, apo vanhu vamwe chetevo ava, vanhu vakavimbiswa, mbeu yaAbrahama yakanga iri parwendo rwayo, vachienda munyika yechi—chipikirwa, paive nesuwo rakamira, uye richimurwisa, uye aive hama yake chaiyo, Moabhi, uyo akati, “Hausi kuzoyambuka nyika yangu. Ndichatoona kuti hausu kuzoyambuka nyika yangu.”

20 Akati, “Kana mombe dzedu dzikananzva chero huswa hwenyu kana kuti dzikanwa chero mvura yenyu, tichakubhadharai nokuda kwazvo.”

Asi akati, “Hausi kuzoyambuka nyika ino.”

21 Asi vimbiso yaMwari yakaramba iri yechokwadi. Saka vakaenda vakanotora muporofita wavo, Bharami, ndokuuya naye kuti atuke vanhu ava. Uye hezvinoi zvaakataura. Vakaedza kumuratidza chikamu chakaipisisa chembeu yakaropafadzwa, asi Mwari vakamuratidza chikamu chakanakisisa chayoy. Akati, “Ani naani anotuka Israeri achatukwa, uye ani naani anomuropafadza acharopafadzwa.” Zvino zvidziviso zvakawondomorerwa pasi Israeri ndokuyambuka mapani. Mwari vakavimbisa kuti achatora suwo remuvengi wake.

22 Gare-gare, mukufamba kwemakore, kwakauya mumwe ainzi Dhanieri, akanga ari mumutsara weMbeu yeHumambo iyi, uye ari mumutsara wevimbiso, nokuti akanga ari Mbeu yaAbrahama. Uye Mwari vakanga vamusarudza nyika isati yavambwa, kuti ave muporofita waVo, zvino akararama ari mhare uye akararama akavimbika. Uye kunyange munyika yavatorwa, ainge akatsunga mumoyo make kuti, “Handingazvisvibise pamwe navo.” Ndiyo Mbeu chaiyo yaAbrahama; achigara munyika yakasiyana, achigara pakati pevanhu vakasiyana, asi zvakadaro akasimba kwazvo pavimbiso iyoyo. “Handingazvisvibisi navo. Ndichagara ndakatendeka.”

23 Mwari vakamuisa pakuyedzwa sezvaVakaita baba vake, Abrahama. Zvino mambo akati, “Uchave semumwe wedu uye wonamata nenzira yatinonamata nayo, kana kuti ndichakukanda mugomba rizere neshumba dzine nzara.”

24 Dhanieri, saAbrahama baba vake, akati, “Mungandikanda henyu mugomba reshumba, asi handisi kuzokotama kune chipi zvacho chezvifananidzo zvenyu. Handisi kuzatora chitendero chenyu chetsika. Ndicharamba ndakatendeka kuna Jehovha.”

25 Zvino kwakachizouya mangange zvino. Mambo akachengeta vimbiso yake ndokusimudza muporofita, kana kuti akaita kuti atorwe uye akandwe mugomba reshumba. Zvino apo shumba, muvengi waDhanieri, dzakamhanyira kumuporofita, Mwari vakachengeta vimbiso yaVo. Akatora suwo remuvengi wake. Mwari vakamisa Ngirozi pamberi peshumba idzodzo, ndokutora suwo. Mwari vanochengeta vimbiso yaVo. “Achatora suwo romuvengi wake.” Mwari vakataura kudaro.

26 Zvino paive nevamwezve 3 zasi ikoko vainge vakazvipira pachavo kutendeka kuchinangwa, vakanga vari Mbeu yaAbrahama zvirokwasvo, zvino akanga ari Shadhireki naMisheki naAbhedhinego, zvino vakaiswa pakuyedzwa. Ivo ndokuti, “Kana mukasakotama pamunonzwa midimbwa ichirira nehvamanda dzichirira, kana mukasapfugamira chitendero chedu, uye mobva pane zvinhu izvozvo zvamaka—

makamiririra! Uye imi mose makatota, zvisinei. Chitendero chenyu hachina kusiyana neche munhu upi zvake.” Hatizvinzwe here izvozvo nguva dzose? Asi chi—chitendero chaJesu Kristu chakasiyana. Simba rerumuko rwaKe rakasiyana. Tiri vanhu vakasiyana, vanhu vakatsaurwa, huprisita wehumambo. Mwari vanoisa mutsauko.

²⁷ Asi pavakati, “Unofanira kuva mumwe wedu.” Zvingadai zvakanakira Shadhireki naMisheki naAbhedhinego kana vaida kuva mumwe wavo, asi havaimbofa vakazova mumwe wavatorwa. Zvino, vakati, “Kana ukasazviita, tine suwo kunze kuno rinoenda kuvira, ratinogona kuzarura uye tokukandirai mauri, uye muchazoshuva kuti dai makava mumwe wedu.”

²⁸ Vakarangarira vimbiso. Vakafamba vachidzika navo kuvira remoto. Zvino vakati vazarura mukova ndokuvakandira mumarimi emoto iwayo, muvengi wavo aizovaparadza, vakatora masuwo emuvengi wavo. Mwari vakatumira Mwanakomana waVo mumarimi emoto iwoyo uye vakatonhodza mhengo, uye akataura navo vari imomo. Vimbiso yaMwari yakaramba iri yechokwadi. Vakatora suwo remuvengi. Vakayedzwa kutanga, vakabva vazatora suwo remuvengi.

Haasi Jesu here Akaita vimbiso yacho? “Kana ukagumbutsa mumwe wavaduku ava, zviri nani kuti guyo risungirirwe pamutsipa wako uye unyudzwe pakadzika pegungwa. Usatombounza chigumbuso kuvaduku ava vanotenda maNdiri. Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda maNdiri.”

²⁹ Akaita mutsauko. Akaratidza vanotenda nevasingatendi.

Ipapo, nguva dzose, kune mapoka 3 evanhu, vanova: asingatendi, mutendi wekabanga, nemutendi. Asi Mwari vane nzira yokuratidza nayo kuti ndiani mutendi. Mutendi iyeye anomira akasimba pane zvinotaurwa naMwari kuva Chokwadi. Hongu.

³⁰ Aiva Eria, muTishibhi, pazvakasvika pamangange, kusvika akafunga kuti aiva ari iye ega munyika akanga achiri kuraramira Mwari. Zvino mambo akanga achizomuisa pasi pokutongwa. Zvino vakamutambudza. Zvino mambokadzi mudiki iyeye, akazvipenda, ainei Jezebheri, akava njodzi kuhupenyu hwake. Zvino pazvakasvika pamangange, Eria akatora masuwo emuvengi wake ndokutendeutsira nyika yose kuna Mwari zvakare. Mwari vanochengeta vimbiso yaVo.

³¹ Akanga ari Mosesi, mushure mokuvawo mumutsara weMbeu iyi yehumambo, Mbeu yaAbrahama, kuti paakatumwa zasi kuEgipita, kundodzikinura vana veIsraeri; uye Mwari vakanga vamupa zviratidzo nezvishamiso zvokuti aite, uye nekurova nyika, uye kuti aunze matatya, nenhata, nerima, nechimvuramabwe, nemvura inonaya, nemoto, uye akanga aita zviratidzo zvose izvi. Kunyange zvakadaro, paakavabuditsa noruoko rwaJehovha, yakasvika nguva yaakasangana nesuwo

pakati pake nenyika yechipikirwa. Paiva neGungwa Dzvuku, chidzviso chakatandika munzira. Vakakomberedzwa nemauto aFarao, makomo, uye nemagwenga, neGungwa Dzvuku. Asi Mosesi akafambira mberi ndokutora suwo romuvengi wake, ndokuyambuka Gungwa Dzvuku, neshangu dzakaoma, achifamba munzira ine huruva. “Achatora suwo romuvengi.” Mwari vakataura kudaro, uye ndizvozvo.

³² Aingova makore mashoma gare-gare miyedzo payakauya, zvino chechi yakabva yazununguswa, sezvazviri nyore kuti ungano yevanhu iite kana chimwe chinhu chikasangoitika nenzira yachinofanirwa kunge chiri. Mwari vanozviita nenzira iyoyo. Mwari vanounza kupesana muchechi, “Mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kuiswa pamuyedzo, oburitswa zviri maari, nekuyedzwa.” Vanorega hurwere huchikurova. Vanorega hosha dzichiuya pauri, kukuyedza nekuburitsa zviri mauri, kuratidza kunyika kuti zvirokwasvo uri Mbeu yaAbrahama. Vanozvibvumira kubudikidza nokuda kwaVo pachaVo. Vanobvumira njodzi. Vanobvumira shamwari kuti dzikupandukire. Vanotendera zvinhu zvose izvi, uye vosunungura dhiyahbhere, kuti akuyedze. Uye achaita zvese kunze kwekutora hupenyu hwako. Vanogona kukukandira panhowo yekutambudzika. Vanogona kuita kuti vavakidzani vako vapesane newe. Vanogona kuita kuti chechi ikurwise. Vanogona kuita chero chinhu chipi hacho, uye kuda kwaMwari kuti vazviite. Tinodzidziswa kuti zvinokosha kupfuura goridhe, kwatiri.

³³ Ko Abrahama naIsaka, pagomo, uyo akanga akapihwa vimbiso? Uye nekutendeseka kwake nekuziva kwake, nekutenda kwake muna Jehovha, kubudikidza naizvozvo, uye izvozvo zvago, kuti Mwari vakatarisa pasi ndokuti, “Mbeu yake ichatora maswo. Ndapika neNi ndimene kuti Ndichaita zvinhu izvi.” Hakuna mumwe mukuru waVaigona kupika naye, asi Vakapika naiVo vomene.

Zvino, kana Vakarega Abrahama achiyedzwa kusvika padanho iroro rekupedzisira, Vanofanira kuyedza iwe neni panguva yekupedzisira iyoyo, nguva iyoyo yesarudzo apo zvinhu zvese zviri kure newe. Unofanira kumira wega ipapo. Hareruya! Ndizvozvo.

³⁴ Mira wega. Famba kunze ikoko uti, “Kunyange Vakandiuraya, asi zvakadaro ndichavimba naVo.” Ndiyo Mbeu yaAbrahama. Ndivo vaCho vanopa vimbiso. “Zvisinei kuti vamwe vose vanoti kudii, vamwe vose vanoitei; kana ndiri ini neimba yangu, tichashumira Mwari.” Akadaro, “Kana vamwe vose vakati, ‘Hapana zviripo pachiitiko chacho. Angori manyawi akawanda’; kana ndiri ini neimba yangu, tichashumira Mwari.”

Uye ndinoda kumira pamwe naPauro ipo pano, ndoti,

“Nenzira inonzi ‘yakatsauka’ naiyoyo ndinonamata Mwari wamadzibaba edu.”

“Kunyangwe vari vemakuhwa vanouya muchechi, kunyangwe vari vanotamba nemashoko, uye kunyangwe vari mhando dzose dzevaporofita venhema nezvose zvikauya muchechi pakati pevanhu, uye nemunharaunda nezvose; asi kana ndiri ini neimba yangu, tichashumira Ishe. Kunyange vamwe vose vakarega kuuya, uye kunyange chechi ikasvika pakutonhora, ichisina hanya, ini neimba yangu, tichashumira Ishe. Kunyangwe munwe munhu akanamatirwa uye asina kupora; izvozvo hazvina chokuita nazvo; nokuti ini neimba yangu, tinoshumira Ishe.” Kuyedzwa nemiyedzo.

³⁵ Vanhu vanokundika, asi Mwari havakundike. Munhu, ukaisa pfungwa dzako pamunhu, anokanganisa. Zvichida kwete nemaune, asi achazviita. Mwari vanomotendera kuti azviite kuitira kuti Vabvise kutenda kwako kubva pamunhu. Kutenda kwedu hakusi muhuchenjeri hwemunhu, asi musimba rerumuko rwaJesu Kristu. Ndipo apo Mbeu yechokwadi yaAbrahama inozorodza vimbiso yavo. Nokuti, vanogona chete kuve Mbeu yaAbrahama kana vagamuchira Mweya Mutsvene. Pasina Mweya Mutsvene havasi Mbeu yaAbrahama. Kutenda kumwe chete ikoko kwaiva muna Abrahama kunouya mumutendi. Hazvinei kuti chii chinoitika kana kuti zvinopesana sei, mutendi anofora achienderera mberi.

³⁶ Vatsori vakadzoka ndokuti, “Oo, hu—hupenzi kuti tiyedze. Hapana chikonzero chekuenderera mberi, nekuti vanhu vacho ihofori chaidzo mhiri uko. Uye vane hurumende huru, uye ivo—ivo vane mapfumo, uye, handiti, tinotoita semhashu tiri padivi pavo.”

³⁷ Handizive, asi ndakanyatsorerekera pakutenda kuti Joshua aingova hake mumhu mudiki, angori kamuchinda kadiki-diki, kakatsonga. Ndiri kumuona achisvetukira, pane—pane chimwe chakaita sechibhokisi, ndokuti, “Varume hama,” kuvanhu 2 miriyoni, “tinokwanisa nekupfuurira kuvatora.” Maona? Sei? Paiva neMbeu yaAbrahama. Mwari vakapa vimbiso. Ndiyo yaiva pfuma yavo. Mwari vakapa vimbiso. Zvisinei nokuti kupikiswa kwaive kwakadii, Mbeu yechokwadi yaAbrahama yakati, “Tinogona kuitora nekuti Mwari vakaipa kwatiri.”

³⁸ Hapo paumire mangwanani ano. Hapo pamire Chechi yaMwari mupenyu. Handina basa kuti mumwe munhu anoti kudii, kuti chiremba anoti kudii, kuti chero chii, kuti asingatendi anoti kudii, tinokwanisa nekupfuurira kumisidzana nechero chii zvacho chinouya. Tiri Mbeu yaAbrahama, uye tichatora suwo remuvengi wedu, zvisinei kuti muvengi wacho chii. Mwari vakapa vimbiso. Yaiva yavo, pfuma yavo.

³⁹ Kupodzwa ndekwako. Ruponeso nderwako. Mweya Mutsvene ndewako. Uye kune zvakawanda, zviuru zvevaparidzi

nevamwe vakadaro munyika nhasi, vanoti, “Handizvo.” Asi Mbeu yaAbrahama inoziva kuti ndizvo. Vanonyatsopinda mukati chaimo vitora masuwo emuvengi. Mwari vakati vaizodaro. Vanozvitando nokuti ivimbiso. “Mbeu yake ichatora suwo remuvengi.” Zvino muchapfuura nemukuyedzwa, miyedzo.

⁴⁰ Zvino Joshua akamira ipapo, akatendeseka. Muchinda mudiki uyu akati, “Handina basa kuti vakakura zvakadii. Handina basa kuti vane mhando yepfumo rakaita sei, kuti maguta avo ane rusvingo rwakareba sei, uye kuti rakakura sei. Vimbiso yedu, ndeyekuti, ‘Suwo richatorwa neMbeu yevana vaMwari,’ uye tiri kuzoendako kundovatora. Tinotovakunda nekupfuurira.” Oo, ndiyo Mbeu yechokwadi iyoyo.

⁴¹ Vazhinji vavo vakazvarwa, vari mbeu yepanyama, vakati, “Hatitongoni kuzviita. Hapana chikonzero chekuyedza. Munoono, vakatidarika pakuwanda. Vanotikurira pakuve vepamusoro; tiri zvese.” Zvisinei hazvo, haana...Vakanga vakatarisa pane...zvakaonekwa neziso. Zvino Joshua akanga akatarisa pane zvakanga zvataurwa naMwari.

⁴² Mbeu yaAbrahama haitarise kune chero chii zvacho chepanyama. Vanotarisa kune zvakataurwa naShe. Ndiyo vimbiso. Ko dai Abrahama akatarisa kune zvepanyama? Pamudzimai ane makore 100 okuberekwa...90, waro. Uye iye aive ne100. Uye ange agara naye kubvira achiri musikana mudiki, uye iye akanga ari mukomana mudiki, uye asina mbeu. Haana kutarisa zvinhu izvozvo. Akati akaona zvinhu izvozvo sokunge zvakanga zvisipo, nokuti aitarira chete kune zvakataurwa naMwari. “Ndichakuropafadza, Abrahama, uye Ndichakupa mbeu kubudikidza naSara.” Zvino akazvitenda. Hautarise kune zvinopikisa. Tinotarisa kune zvakataurwa naMwari. Mwari vakazvitaura, ndizvozvo.

⁴³ Saka zvino paakadzika zasi kuJorodhani, Joshua paakagadzwa kuva mukuru-mukuru wemauto, uye vakadzika kumucheto chaiko kwemvura uye vachigona kutarisa mhiri vachitoona Jeriko. Asi, pakati pavo, apo Joshua akanga agadzirira mawuto ake, pakanga paine suwo. Suwo iroro rainzi Jorodhani.

Asi vimbiso yaMwari yakanaka pasuwo rimwe nerimwe. Hazvina mhosva kuti isuwo ripi, vimbiso yaMwari yakanaka. “Achatora masuwo omuvengi wake.” Zvatoringana.

Paakasvika zasi kuJorodhani mangwanani iwayo, zvichida, ndichatenda kuti dhiyabhore aive nemakore edutu akaremba kwese-kwese, mvura huru dzine madhaka dzichiyerera zasi, minda yaive yakukurwa nemafashamo. Oo, inguva yekuyedzwa yakadini! Asi Joshua akati, “Gadzirirai, muri kuzoona kubwinya kwaMwari.” Zvino vakazvichenesa uye vakagadzirira, vakagadzirira apo zvinhu zvose zvaita sezvinopesana. Asi iyoyo yakanga iri Mbeu yaAbrahama, iyo Mwari vakapika kuti,

“Ndichamupa suwo racho.” Akasvika paJorodhani, ndiro raiva suwo rake, zvino akaritora.

44 Mamwe emangwanani ano ndinofanira kuti ndizosvikawo zasi kusuwo iroro rekupedzisira zvakare. Unofanira kudzika zasi kuJorodhani, asi Mbeu yaAbrahama ichatora suwo. Hazvina mhosva kuti chii, achatora suwo remuvengi wese.

45 Varume vese ivavo vaiva varume vakuru. Vakafira mugwara. Asi, pakupedzisira, rimwe zuva muBheterehema reJudhea, Mbeu yeHumambo yakaberekwa. Izvo, dzimwe dzose dzaingova mimvuri. Mbeu yeHumambo yakazvarwa, kwete nemunhu. Asi Akazvarwa nemhandara kuti, nesimba remutsinga dzaKe, kuti agokunda rufu negehena. Mwari vakaita vimbiso. Mumwe munhuwo zvake aisagona kuzviita. Asi kana Mwari vakaita vimbiso, Vanongova Mwari vamwe chete waVaiva maminetsi mashoma apfuura, naAbrahama, Jehovha-jire, Ishe vachagadzira nzira yekutora suwo nayo. Tichazviita sei? Joshua akafa. Mosesi akafa. Vamwe vose vakafa. Asi Mwari vakati, “Achatora suwo romuvengi wake.” Achatora rufu sei? Ane nzira yekuita nayo zvinhu. “Achatora suwo romuvengi wake.”

46 Mbeu yeHumambo yakazvarwa. Akayedzwa nemitowo yose sesu. Sokungoyedzwa kwatinofanira kuitwa, ndizvo zvaAkaitawo. Dhiyabhore akakurumidza kuMutora, paakagamuchira Mweya Mutsvene, murenje kwemazuva 40 nehusiku, kuti ayedzwe. Uye paAkabuda... Uye pakufa kwaKe, vakarovera zvikipiri muruoko rwaKe, uye vakapfira kumeso kwaKe. Akapfuura nemuhurwere hwese. Asi paAive pano panyika, Akaratidza kuti Aigona kukunda hurwere. Amai vemudzimai waPetro pavakanga varwara, vakaoma mutezo, Akabata ruoko rwavo fivhiri ndokuvasiya. Paya wemaperembudzi paakadanidzira pasuwo, “Handina kuchena! Handina kuchena! Kana Muchida henyu, Munogona kundipodza.”

47 Akati, “Ndinoda. Iwe podzwa.” Akakunda ndokutora suwo remaperembudzi. Akatora suwo refivhiri.

Akaita kuti zvisikwa zvose zviMuteererere. Aiva Mbeu yaAbrahama, Mbeu yeHumambo, Uyo akapihwa vimbiso; kwaAri, Abrahama neMbeu yose yakamutevera, kusvika kuMbeu yeHumambo, neMbeu yose yakaMutevera. Vimbiso yaMwari ndeyechokwadi. Akakunda hurwere.

Akakunda muyedzo. Muvengi paakapfira kumeso kwaKe, akarova shaya yaKe, Akatendeudza rimwe divi. Pavakadzura ndebvu kubva pachiso chaKe uye vakaMupfira, haAna kumbovatuka. Akakunda suwo remuyedzo ndokuritora.

48 Wobva wati iwe, “Hasha dzangu hadzinditenderi kuti ndizviite.” Iwe, Mbeu yaAbrahama, hongu, changamire, Akadzikundira iwe.

⁴⁹ PaAkaturukwa, haAna kudzorera. PaAkasekwa, Akanyarara haKe. PaAkanzi dhiyahore, Akanyarara haKe. Aiva nebasa rimwe chete, uye ndiro basa raBaba, zvino Akafamba achiita izvozvo. Zvino, pakupedzisira, vakaMutora vakaenda naye kumuchinjikwa. Rufu rwaifanira kutarisana naYe. Vamwe vose vakanga vakunda makungwa, uye vakanga vakunda zvisikwa, uye vakanga vakunda shumba, uye vakanga vakunda moto. Vakanga vakunda zvose kunze kwerufu. Asi heunoi Mumwe, raifamba mutsinga dzaKe, imomo, simba rokukunda rerufu. Saka vakatora maoko aKe uye vakaMutambanudza ndokuMuroverera pamuchinjikwa. VakaMurova uye vakaMuisa mavanga kusvikira mapfupa aKe akaMutarisa. Asi pavakadaro, uye vaita zvose zvavaigona kuita, rufu rwakaMurova, ndokuti, “Zvino ndichaKutora sezvandakaita Joshua. NdichaKutora sezvandakaita Dhanieri. Uye ndichaita zvose izvi, nokuti ndichaKuita kuti ufe.”

⁵⁰ Uye Akafa kusvikira zuva rakazvinyarira. Akafa kusvikira zvisikwa zvakanjira uye zvikatadza kushanda. Zuva rakanyura masakati machena. Nyeredzi hadzina kubuda. Akafa kusvikira zvinhu zvasviba zvekuti waisaona ruoko rwako pamberi pako, ari masakati chaiwo. Ndingafungidzira kuti zvisikwa zvakati, “Regai ndife naYe.”

⁵¹ Hama! Zvino dhiyahore akatumira mweya waKe unokosha mumakomba asina hwaro egehena. Ipapo masuwo akazaruka, asi Akabuda nezuva retatu, akarikunda. Amen. “Mbeu yaKe ichatora suwo romuvengi.” Akakunda rufu! Akakunda gehena. Mangwanani iwayo eEsta yekutanga, Akakunda guva. Zvino timire, tiri vakundi nekupfuirira, kubudikidza naiYe Akatida.

⁵² PaZuva rePentekosti Akatumira Mweya Mutsvene, kuenderera mberi, kubudikidza neMarudzi, kubuditsa Mbeu yevimbiso. Kupa kuMarudzi, vakaraswa, kuvapa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuvaunza muVimbiso. Zvino tine kodzero yekukunda hurwere hwose. Isu hatifanirwe kuhukunda; hwakatokundwa kare. Tinongofanira kutaura vimbiso yacho tobva taenda kunoitora. Yakatokundwa kare. Rufu rwakakundwa. Gehena rakakundwa. Hurwere hwakakundwa. Muedzo wakakundwa. Madhimoni ese akakundwa. Gehena rakakundwa. Rufu rwakakundwa. Guva rakakundwa. Tinomira masuwo, tichiritoro, hatifanirwe kupfura kana bara zvaro. Zvakatobhadharirwa kare.

⁵³ Muvengi wake, achatora suwo romuvengi wake. Vangani? Zviuru zvemamiriyoni; achatora suwo romuvengi wake, vavengi vose. Akamuka kubva kuvakafa. Tinaro nokuti ndiYe wakatipa. Zvose chipo chiri pachena, kunze kwezvose izvozvo, nezvose zvaAkaita, uye akakunda suwo rose. Akakunda hurwere, akatora suwo. Chinhu chimwe chete chatinofanira kuita kufamba kuenda kusuwo, toti, “MuZita raJesu Kristu, Mukundi!” Amen.

54 Kana yasvika nguva yekufa, uye rufu ndokuti, “Nditarisei ndichimuita kuti arambe chinamoto chake.”

55 “MuZita raJesu Kristu weNazareta, dzokera shure, Jorodhani!” Mbeu yaAbrahama inotora suwo.

56 Handiti, Pauro akati, pavakanga vachigadzirira kugura musoro wake, Mbeu yaAbrahama, akati, “Rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi? Mwari ngavavongwe Vanotipa kukunda kubudikidza naJesu Kristu.”

57 Achatora suwo romuvengi wake, kuritora. Zvino, haaparadzwi pasuwo. Acharikunda uye oritora. Acharitora. Zviri musimba rake iye.

58 MuChechi yaMwari mupenyu, mangwanani ano, mune simba rekupodza hurwere hwose. MuChechi yaMwari mupenyu mune simba rekukunda muyedzo wose. Pazvinhu zvine Chechi yaMwari mupenyu, mangwanani ano, pane simba rekusunga chivi nekuchirasira kure, nokugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, muChechi yaJesu Kristu.

“Chero chipi chamunoda, kumbirai muZita raNgu, zvino chichapihwa kwamuri. Kwechinguvana, uye nyika (kwete Mbeu, mbeu isina kuvandudzwa) haizoNdioni zvachose. Asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Chii? Mbeu yeHumambo. “Mabasa aNdinoita, nemi muchaaaitawo. Ndichazviratidza iNi kuti Ndinemi, nokuti zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

Achatora mbeu yemuvengi wake. Achatora. Mbeu yaKe ichatora suwo remuvengi wake, zvisinei nokuti suwo racho chii. Kana chiri chirwere, miyedzo, chivi, ringavei suwo racho, rakakundwa. Uye Mbeu yaAbrahama inoritora.

59 Haufari here, mangwanani ano, kuziva kuti timire zvino tiri mukundi nekupfuurira? Mukundi nekupfuurira! Oo, hapana chekurwira. Kurwa kwapera. Pito yarira. Mureza wasimuka. Uye pakati pemurwi wese wechivi, pakati pekamuri yega-yega yavarwere, pane muchinjikwa wakare wakakwasharara, wakadyarwa neRopa raJesu Kristu, Mukundi. Chinhu chimwe chete chatinoita kutenda, kutarisa uye torarama.

“Ndichava nemi. Ndicharatidza. Vanhu vanouya mumazuva ekupedzisira, uye voti, ‘Oo, zvinoka, *zvaive*.’ Asi Ndichava nemi. Uye zvinhu chaizvo izvo zvaNdakaita, pano panyika, Ndichange ndiri mamuri, ndichiita chinhu chimwe chetecho chaicho. Vachabva vaziva. VachaNdiona. Ivo... Vanhu vaNgu vachaNdiona. Mbeu yaAbrahama ichaNdiona. VachaNdiziva. VachaNdicherechedza. Vamwe vachaNdidaidza kuti, ‘Bherizebhabhu,’ sezvavakangoita. Asi imi muchaNdiziva, nokuti Ndichava nemi. MuchaNdiona, kuona neziso renyu. MuchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyange kusvika kumagumo enyika, zvinhu zvimwe chetezvo zvaNdinoita.

Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo zvakare, mhando imwe cheteyo yebasa.”

⁶⁰ Uye, nhasi, Chechi yaMwari mupenyu ine mukana wekumira nekuona iye anokunda, Jesu Kristu akamuka, Mwanakomana waMwari mupenyu, amire pano, achirarama muChechi yaKe, achiita chinhu chimwe chete chaAkaita kareko. Tinobva tatora suwo remuvengi wese.

⁶¹ Kana uine muvengi mangwanani ano, zvino, hama yangu, pane bedzi, kana uri Mbeu yaAbrahama, mushure mekunzwa izvi, hakuna madhimoni akakwana mugehena anogona kuchengeta suwo iroto pamberi pako. Richazaruka. Handina basa kuti nderipi. Unofamba uchiendako, seMbeu yakavimbiswa, woti, “Ndinotora iri kuti rive rangu. Izvi ndezvangu, nokuti Mwari vakapika kuti Vaizomutsa Jesu, uye, kubudikidza naJesu, ndichazvikunda. Ndinouya muZita reMukundi iyeye, Jesu Kristu. Dzokera shure. Ndiri kupfuura.” Amen. “Achatora suwo romuvengi.” Zvino simuka ipapo, nemapendekete ako kumashure uye nenhoo yako ichipenya, yakafukidzwa neRopa raIshe Jesu. Muvengi achazvicherechedza.

⁶² Kana uine chishuwo, taura naYe zvino tichinamata, imi muri muno, mangwanani ano, apo makakotamisa misoro yenyu. Uye kana uine chaunoda, ungasimudza ruoko rwako kuna Jesu here? Uye wongozvitaure mumoyo mako, mumoyo mako, uye woti, “Ishe, Munoziva chishuvo changu. Zvino, ndanzwa, mangwanani ano, uye ndiro Bhaibheri, ‘Achatora suwo romuvengi.’ Ndiri kuuya kuzotora suwo. Pamwe ndine hashu. Pamwe ndinoda Mweya Mutsvene. Chivi chakanditsimbirira pasi. Ndine chandiri kuda. Asi ndiri kuuya kusuwo zvino. Ndiri kuzoritira, mangwanani ano, suwo rangu. Saka, suduruka, ndiri kuuya kuzopinda.”

⁶³ Ishe vakaropafadzwa, Maona maoko ose aya. Uye Munoziva kuti iri iShoko reNyu, Ishe. Ndingotaura kubva paRiri, nekuriunza kubudikidza nemuMagwaro. Vanhu vemuBhaibheri, kuti vakakunda sei humambo nekuita zvakarurama, uye vakadzima moto, simba remoto, uye vakapukunyuka kunocheka kwemunondo, uye vakavhara miromo yeshumba, uye, oo, zvakare, madzimai akagamuchira vakafa vavo kudzoka kuhupenyu, nezvinhu zvakanwanda, nokuti Makazvivimbisa. Ivimbiso yeNyu, “Mbeu yaKe.” “Yako Mbeu, Abrahama, ichatora suwo remuvengi.” Uye Munochengeta vimbiso yeNyu.

⁶⁴ Zvino vapei, Ishe, chishuwo chemoyo wavo. Dai vabva pano vave mumwe munhu akasiyana. Dai vakaenda, vachiziva kuti ivo—ivo vakundi, nokuti Mbeu yeHumambo iyoyo yakavakundira. Iye Mambo Mutekwatekwa, paAkauya, aberekwa nemhandara, Akakunda muvengi wese, kunyangwe kusvika kurufu. Saka rufu pacharwo harwungatyisi Mbeu

yaAbrahama. Tine vimbiso yekuti tichagara nhaka yenyika, uye tichadzoka zvakare mukubwinya kwakawedzerwa, mumutumbi wakabwinyiswa, mushure mekunge muvengi wekupedzisira aiswa pasi petsoka, dzemwana mumwe uye wekupedzisira waMwari achauya muHumambo.

⁶⁵ Kana varipo vakasimudza maoko avo mudenga, Ishe, vari vatadzi, vaponeseiwo. Avo vari kudzokera shure, ngavazive kuti havafanire kuramba vari vakadzokera kumashure. Anogona kutora suwo iroro rekudzokera shure. Pamwe uya ane hasha, rurimi rwunotaura zvi—zvinyadzi, rwune tsvina, kana moyo uzere ruchiva, kana uyo ane makaro, emari, kana—kana chimwe chinhu chine tsvina, itai kuti vazive kuti vanogona kutora suwo iroro. Zvichida hurwere, Ishe, hosha. Vanogona kutora suwo iroro, “Nokuti Akakuvadza nokuda kwokudarika kwedu, akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu. Kurohwa kwakativigira rugare kwaiva pamusoro paKe, uye nemavanga aKe takapodzwa.” Tiri vakundi, mangwanani ano. Zviitei, Ishe.

Uye pamusoro pazvo zvose, basa guru riya rakaitwa naYe, asi zvakadaro Anesu. Asi zvakadaro, Akavimbisa kuti Aizozviita. “Kwechinguvana uye nyika haichazoNdioni zvachose, asi imi muchaNdiona; nokuti Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Ndinonamata, Baba, kuti MuZvzivise kune mumwe nemumwe, mangwanani ano. Nekuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

⁶⁶ Munozvitenda here kuti iChokwadi? Wonyatsozvitenda kuti iChokwadi, pasina kana kupokana kumwe mumoyo mako. Zvino chingorangarirai izvi. Kushanda kweMweya Mutsvene kuri nyore kwazvo zvekuti kunovhiringa pfungwa dzenjere. Zvinhu zvakanyanyisa kuva nyore zvandati ndambo... Ndakaona Mweya Mutsvene uchiita izvi. Ndaitaura zvinhu izvo, chaizvoka, zvandaisafunga nezvazvo kuva senzira iyoyo. Dai ndainge ndashandisa pfungwa dzangu pachangu, ndaizoti, “Zvinoka, hazvingagona kuva zviriro izvo.” Asi nguva dzose ndizvozvo. Vanoita zvinhu zviriro nyore kwazvo. Uye Vanoita zvinhu kuti vaZvzivise kuvanhu vaVo. Mwari vane vanhu vaVo. Vari pakati pevanhu vaVo. Vanovada. Uye Vanoda kuvaitira, nekuvabatsira; uye nokungovaita kuti vazive, kwete zvaVachaita, asi zvaVakaita. Vakatozviita kare. Ndezvako. Ndiwe mwene wazvo. Chipa chepachena chakabva kuna Mwari Baba vedu, kuChechi yaVo.

⁶⁷ Zvino pfungwa dzenjere dzinovhiringidzika kwazvo, semumazuva aDhanieri, nemumazuva evana vechiHebheru, ne—nevazhinji vatataura nezvavo mangwanani ano. Munoono, nyika huru yenjere muzuva iroro yakanga yakangooma kukunda sezvazviriro zvino. Agara iri muvengi, kunzira yemaonero avo, nesainzi yavo yechimanjemanje nezvinhu, zvakanga zvakangoomarara nezvimwe, kupfungwa ipapo, sezvakaita zvedu nhasi. Munoono, chaiva chinhu chimwe chete. Asi paive

neavo, nguva dzose, vaishinga kugara ipapo voti, “Mwari vari raiti. Shoko raMwari nderechokwadi.”

⁶⁸ Uye, iwe, haufanire kuti ukunde, nekuti iYe akatokunda. Chinhu choga chaunofanira kuita kungokwirako wotora, womira pasuwo, woti, “Nderangu. Iri nderangu. Mwari vakarwupa kwandiri, ruponeso rwangu. Kana ndichida Mweya Mutsvene, Mwari vakaUpa kwandiri. Vimbiso ndeyangu, kuvana vedu, vose vari kure, avo vose vachadanwa naShe.” Ndicho chikonzero ndichimira. Kungo. . .

⁶⁹ Shumiro yangu, yekunzvera uku nezvimwe zvakadaro, ichapera zvino nenguva isipi. Oo, ichagara iripo. Asi ichapedza izvi munguva isipi, nekuti iri kuenda kune chimwe chinhu chikuru nokupfuurira. Maona? Iri kuenderera mberi ichikwirira; kubva pakubata ruoko, kusvika pakunzvera, uye zvino iri kugadzirira kuita chimwe. Maona? Ionei. Itarisei uye muzive kuti ichokwadi. Maona? Ndinoziva kuti ichokwadi. Uye ichatowedzera kukura, kukwirira, kuve nani. Chokwadi. Handiti, Vakazvivimbisa. Uye zvaVanovimbisa, Vanozviita. Havagoni kukundika pavimbiso yaVo. Zvino chii ichocho? Hupo hwaVo hunogara nekusingaperi hunesu, kuhurega, kukuita kuti uzive kuti Vakatora suwo kuitira iwe.

⁷⁰ Aiva Mbeu yeHumambo. Hapana aigona kutora masuwo iwayo kunze kwake iYe. Vose avo kumashure uko vaiva mimvuri yekuuya kwaKe. Asi paAkauya, zvakapedza kurwa kwacho kwese. Kurwa kwakapedzwa paGetsemane nepaKarivhari. Uye zvino tinongomira, sevakundi. Hapana kurwa kwekuti tigoita. Isu. . .Kurwa kwakapera. Tinongori muridzi wazvo, imvumo kunhaka kwazviri. Chivimbo chakanyorwa pasi naMwari, Baba vedu, Vakasimudza ruoko rwaVo, vakati, “Ndichapika neNi ndimene kuti Mbeu yake ichatora suwo remuvengi.” Hezvoka izvo. Rakatotora. “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu. Nemavanga aKe takapodzwa.” Zvakatoitwa. Ibasa rakapera. Isu tinongozvitora. “Uye mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaita.” Mambo vanesu, mangwanani ano. Maropafadzo avo makuru, Mweya Mutsvene, uchifamba pamusoro pedu. Kunzwa manzwiwo iwayo anobwinya, kuziva kuti ndizvo chaizvo ne. . . maererano neShoko raMwari. Zvinotipa nyaradzo inoshamisa kudaro, kuziva kuti—kuti Mwari ndiBaba vedu.

⁷¹ Zvino, ndinotenda, ko iye—iye apa makadhi okunamatirwa here mangwanani ano? Ndamuudza, zvakanaka, kana pasina vamwe kunze kwevanhu vepatabhenakeri chete, zvakanaka, arege zvake kupa makadhi okunamatirwa. Asi kana panga—panga paine vanhu vanosvika 10, 15, kana vakadaro, vaenzi pakati pedu, handiti, kupa makadhi okunamatirwa, kuti tigovaunza kuno tovanamatira. Vangani vaenzi vanesu mangwanani ano? Simudza ruoko rwako. Oo, ini zvangu! Chokwadi. Kune 15 kana 20 vavo. Zvakanaka. Tichaisa mumutsara makadhi ekunamatirwa aya touya nawo

papuratifomu. Munoono, chikonzero ndataura nezvevanhu vepa “tabhenakeri,” vari pano.

⁷² Kunzvera uku, rangerirai, ndiri kutauro uku, kunzvera kuchasvika kumagumo nenguva isipi, pachava nechimwe chinhu chikuru kwazvo uye chiri nani zvikuru, chingori munzira. Paiva, izvozvo ndinoziva, kukuonai muchitarisa hama 2 zvino, dzakanga dzakamira neni nezuro, pazvakaitika, munoono, uye marimwezuro, pazvakaitika. Uye izvozvo ka 3 kakatevedzana, zvino, pazvakaitika, kusimbiswa kwekuti zvava pedyo iko zvino, munoono, zvava kuda kuitika.

⁷³ Zvino, Ishe, Muri Mwari, uye isu tiri varanda veNyu. TinoKutendai nokuda kweShoko reNyu, nokuda kwoMweya Mutsvene, Uyo waropafadza mwoyo yedu. Uye zvino tinofara. Takagara pano, tichiziva kuti tiri vakundi. Takatatora masuwo ese emuvengi. Akapihwa kwatiri, uye tine masita kiyi muruoko rwedu. Zita raJesu Kristu richaza...zarura suwo rose remuvengi. Tora kiyi iyi, kiyi yeZita raJesu, uye ukii... uvhure suwo rega-rega remuvengi rakakusunga kubva kune chero vimbiso zvayo.

Uye, Mwari, mangwanani ano tinouya muZita raJesu, nekikiyi iyi, kuzovhura masuwo evanorwara nevanotambudzwa. Nokuti zvakanorwa mu—muShoko raKe kuti, “MuZita raNgu vachadzanga madhimoni. Vachataura nendimi itsva. Uye kana vakabata nyoka, kana kunwa chero chinhu chipi chinouraya, hachingavakuvadzi. Vachaisa maoko avo pane vanorwara uye vachapora.” Tinoziva kuti zvinhu izvozvo ndezvechokwadi. Uye itai, mangwanani ano, Ishe, kuti vachadaro, vanhu vagokwanisa kuona izvozvo, kubudikidza nokuratidzwa kweShoko rakaitwa nyama uye richigara pakati pedu, kuti, “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu; namavanga aKe takapodzwa.” Uye dai vakazvigamuchira uye vapodzwe, mangwanani ano, kubva kuhurwere hwavo hwose nehosha nematambudziko. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

⁷⁴ Ungaridze here, Teddy, *Tenda Chete*, chinyararire uye zvinyoro-nyoro, kana ukadaro.

Uye chii? Watanga kubva panhamba 1 here? Nhamba 1, kadhi rekunamatirwa. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, kana chero zvaangave. Zvakanaka. Madii chinyararire, kana mukakwanisa kusimuka, mouya kudivi iri.

[Imwe hama inoti, “Vangani vamadana?”—Mupepeti] Huh? [Mumwe munhu anoti, “Ndizvozvo. Ndizvozvo.”] Angaita...

Ngationei, nhamba 1, nhamba 2. Ndiani ane kadhi rekunamatirwa nhamba 1? [Imwe hama inoti, “Ndinaro.”—Mupepeti] Hongu. Nhamba 2. Zvakanaka, changamire. Nhamba 3, nhamba 4, nhamba 5, nhamba 6, nhamba 7, nhamba 8, nhamba 9, nhamba 10.

⁷⁵ Pavanenge vachiuva kuno uye vachitora nzvimbo dzavo dzekumira, ndinoda kubvunza mubvunzo kune vamwe venyu imi mose. Vangani, pane vanhu vepatabhenakeri pano here, vanorwara? Vanhu vepatabhenakeri, simudza ruoko rwako. Vanenge 5 . . . 4, 5, 6, 7, 8. Maoko 8 kana 9. Pane mumwe aripo here muno mutabhenakeri, asiri pano patabhenakeri, vayeni pakati pedu, kunyangwe wauya mushure meshumiro ukasawana kadhi rekunamatirwa? Ungasimudza ruoko rwako here? Chero ani anoda Mwari, asiri . . . uyo—uyo asingauyi kutabhenakeri ino. Chero ani zvake pano asiri nhengo dzetabhenakeri ino, uye—uye zvakadaro uri kurwara uye usina kadhi rekunamatirwa, uchida kurangarirwa mumunamato? Ungasimudze ruoko rwako here, munhu wese? Zvakanaka. Zvakaisvonaka. Zvakanaka.

⁷⁶ Zvino ndiri kuzokumbira kana mukangoremekedza nepamunokwanisa napo, kwe—kwemaminetsi mashoma bedzi, uye tichabva tatanga uye totanga. Zvino ngationei. Wasarirwa nenzvimbo yakawanda sei ipapo, Billy? Zvakanaka. Uyo ane nhamba 10 here kumusoro ikoko? Ndadaidza 1 kusvika 10.

11, 12, 13, 14, 15, ngavamire zvino. Kana vari nhamba 10, 11, 12, 13, 14, 15, ngavamire. Zvakanaka. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12. Pari kushota angaita mamwezve 2, kubva pana 1 kusvika pana 15. (. . . ? . . . 7, 8, 9, 10, 11.) 15, 16, 17, 18, 19, 20.

⁷⁷ Oo, imbomirai zvishoma. Nda—ndamuudza kuti angopa makadhi okunamatirwa kuvanhu vasiri vepatabhenakeri. Ndizvozvo. Maona? Nokuti, kungava, munoona, kunzvera. Vanhu vanoti, “Vanhu ava vanouya kutabhenakeri.” Maona? Ndi—ndinokuudzai. Vangani vanga vari pano . . . vasina kumbobvira vambosvika pano? Ngatione ruoko rwako, asina kumbopinda mune mumwe wemisanganano yangu kumashure. Zvakanaka. Zvakanaka.

Zvino, zvakanaka, chimbomirai zvishoma zvino, Hama Teddy.

⁷⁸ Zvino ndingataura izvi, kuti, imi mose makanzwa nezvemisanganano, kuti inofamba sei, kunyange hazvo, makanzwa here, vanhu vese vanga vari mumisanganano? Maona? Apo Ishe wedu Jesu akanga ari pasi pano, haAna kuzviti murapi. Aiva Mbeu yaAbrahama, zvirokwazvo, uye Akanga aine vimbiso pamwe naYe. Akati haAna chaaiita kusvikira Baba vaMuratidza. Ndizvo here? Uye Akati, “Hapana chandinogona kuita kusvikira Baba vaNdiratidza zvokuita.” Uye Akazviona ne . . . Kwete “kusvikira Baba vaNdiudza.” “Kusvikira Baba vaNdiratidza.” Mutsvene Johane 5:19, “ZvaNdinoona Baba vachiita, ndizvo zvinoitawo Mwanakomana.”

⁷⁹ Zvino paA—Akauya, tinoona, pakutanga kweshumiro yaKe, kuti mushure mokunge Atora chi—chigaro chaDhavhidhi . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Pakutaura pamweya, izvo . . .

Mweya Mutsvene pawakauya paAri parubhabhatidzo, rwaJohane, zvino Akazova Mesiya akazodzwa. Zvino, rangarirai, Akanga ari Mwanakomana waMwari paAkazvarwa. Akanga ari Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara. Asi paAkazove Mesiya, ndipo pakauya Mweya Mutsvene paAri, nokuti *Mesiya* zvinoreva kuti “muzodziwa.” Maona? Uye Aive Muzodziwa Mweya Mutsvene pawakauya paAri. Makandinzwa ndichiparidza pamusoro pe*Gwayana NeNjiva*. Zvino tinozoono, paAka . . . Mushure memazuva aKe 40 ekuyedzwa, Akabuda.

⁸⁰ Zvino shumiro yaKe yakatanga sei, uye yakapera sei? Tinoona kuti, mushumiro yaKe pakanga paine murume ainzi Andrea, akaenda ndokuwana mukoma wake, Simoni, muredzi wehove, ndokumuunza kuna Jesu. Zvino Jesu akamuudza, akati, “Zita rako ndiSimoni. Zita rababa vako ndiJonasi. Kubva zvino uchanzi *Petro*, zvinoreva kuti ‘dombo duku.’” Munozvirangarira here? Zvino muchinda uyu akashamiswa zvikuru nezvaakaudzwa naJesu!

Zvino, Mesiya aifanira kuita izvozvo here? Vangani vanoziva izvozvo, itii, “Ameni.” Aifanira kuva Mwari-Muporofita. Hongu, changamire. Mosesi akati, “Ishe Mwari wenyu achakumutsirai Muporofita akafanana neni. Zvichaitika kuti uyo asinganzwi Muporofita uyu achagurwa kubva pakati pevanhu.”

⁸¹ Zvino, ipapo patinozoono, pamberi apo, vaKe . . . “Akauya kune vokwaKe Amene.” Vaive vanaani ivavo? MaJudha, pamasikirwe. “Uye saka vokwaKe Amene havana kuMugamuchira,” saka Aiva zvino . . . Zvino zvinofanira kuenda kuMarudzi, munoona, nokuti vokwaKe Amene havana kuMugamuchira. “Asi kune avo vakaMugamuchira, kwavari iYe akavapa simba rekuva vanakomana waMwari.” Saka zvino Akatendeukira kuMarudzi, uye anga ari, kwemakore 2,000. Asi zvino cherechedzai zvinhu zvaAkaita.

⁸² Zvino Firipi, mushure mekuona izvi zvaitwa, akaenda akandowana Natanieri, ndokutaurira Natanieri uYo waakanga awana uye nezvaAkanga aita. Zvino izvozvo zvakamukatyamadza. Haana kumbozvitenda zvachose. Asi paakasvika muHupo hwaIshe Jesu, paakawana paAiva, akauya muHupo hwaKe, Jesu akati, “Tarirai muIsraeri asina kunyengera maari.”

⁸³ Zvino, dai wanga wakamira ipapo, unofunga here kuti ungadai uri wemweya zvakanwana kuti unzwisise kuti Aiva ani? Unofunga kuti waizviita here? Zvino tarisai. Maona? Murume iyeye, angori Mutorwa, mure- . . . ipapo, Anogona kunge aiva muredzi wehove. Aiva kapenda, ndizvo zvaAiva. Murume kapenda uyu akamira ipapo, Murume wezera repakati nepakati. Uye hoyo murume uyu achiuya. Akamutarisa, semumwe wevarume ava pano, akati, “Tarirai muIsraeri asina kunyengera maari.” Zvinoka, Akaziva sei kuti aive muIsraeri? Kwete

nemapfekero aange akaita, nekuti vese vaipfeka zvakafanana. “Maari haana hunyengeri.” Akaziva sei kuti aive murume a— asina hunyengeri?

⁸⁴ Saka zvakakatyamadza murume uyu. Zvaava mutendi chaiye, akati, “Rabhi,” kana hama, muparidzi, mudzidzisi, “Makambondiona rinhi?” Munoono, akanga achiMubvunza.

⁸⁵ Akati, “Firipi asati akudana, pawakanga uri pasi pemuti, Ndakakuona.”

Akati, “Muri Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo waIsraeri.”

⁸⁶ Jesu akati, “Nokuti Ndakuudza izvi, zvino unoNditenda here? Zvino uchaona zvinhu zvikuru kupfuura izvi.”

⁸⁷ Uye ndicho chikonzero ndichitenda kuti Chechi yaMwari mupenyu ichaona chinhu chikuru kupinda chino. Yave kugadzirira kupinda machiri iko zvino, munguva pfupi iri kutevera, munoono, nokuti vakachitenda. Avo vakazviramba, nokuda kwezvidziviso zveasangano, ndinopokana kana vachazombotenda chimwe chinhu. Maona? Zvinhu... Uchafamba muChiedza kana kuti uchava bofu. Chiedza chinopofomadza, kana kuti chinoratidza nzira.

⁸⁸ Shiri diki, dzandakaona, paStatue of Liberty. Ivai nechokwadi chekuzviona, Hama Thoms, pamunoenda kumusoro, munoono. Dzinovera kusvika dzabuda uropi hwadzo, dzichirovera ipapo. Ndakati, “Dambudziko raiva rei?”

⁸⁹ Akati, “Pane kuti dzitevere chiyedza, mudutu, dziende kwakachengetedzeka, dzakaedza kudzima chiedza. Dzikazviuraya.”

⁹⁰ Ndicho chinhu chega chinoitika kana ukarovera paChiedza, unozviuraya, pamweya. Ingofamba muChiedza sezvaAri muChiedza, zvino tichava nokuyanana mumwe nomumwe, machechi ese achatenda oenderera mberi uye oitirwa zvakanaka nemaropafadzo aMwari. Hazvingave zvakanaka here?

⁹¹ Tarisai mudzimai muSamaria paakauya. Akanga ari muSamaria, zvino (kwete muJudha), muSamaria. Uye Akati, “Ndipewo mvura yekunwa.” Zvino hurukuro yakaenderera mberi.

Izvi ndezvevatsva zvino.

⁹² Zvino hurukuro yakaenderera mberi. Zvino, mudzimai akanga asingaMuzivi kunge ari Mesiya. Aingovawo mumwe—mumwe Munhu, muJudha. Munoono kuti akati kudii kutanga? Akati, “Handiti, hazvisi patsika kuti imi maJudha mutaure nemudzimai muSamaria sezvizvi.” Akati, “Hatididzani mumwe nemumwe.”

93 Akati, “Asi dai waiziva Uyo wauri kutaura naye, waizoNdikumbira mvura yekunwa. Uye Ndaikuunzira, ndokupa mvura, hauzouyi pano kuzochera.”

94 Handiti, mudzimai akati, “Zvino mirai zvishoma.” Akati, “Tinonamata mugomo iri, uye—uye imi maJudha munonamatira kuJerusarema.”

95 Jesu akati, “Asi nguva iri kuuya yekuti—yekuti hamuzonamati paJerusarema kana pagomo iri, asi muMweya. Nokuti Mwari Mweya, uye avo vanoMunamata vanofanira kuMunamata muMweya nemuZvokwadi.” Maona? Saka, Akaenderera mberi, vakava nehurukuro kusvikira Aona paiva nedambudziko rake. Chii, munoziva here paiva nedambudziko rake? Aripo here anoziva kuti dambudziko remukadzi uyu patsime raiva rei? Aiva nevarume vakawandisa, haana here? Saka Akati kwaari, “Enda unotora murume wako uuye kuno.”

Akati, “Handina kana murume.”

96 Akati, “Ndizvozvo. Une 5, uye wauri kugara naye zvino haasi wako.”

97 Akati, “Changamire!” Zvino mutarisei. “Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita.”

Kana ukatevedza chinyorwa ichocho chekumucheto, uchazoon. “Changamire,” mune repamavambo, “Imi muri, ndinoona, kuti Muri Muporofita *uya*.” Rangarirai, muBhaibheri, rinoramba richiti, “Muporofita uya, Muri ‘Muporofita uya’ here?” Aive Muporofita upi? Uyo akanzi naMosesi aizosimuka.

“Ndinoona kuti Muri Muporofita. Zvino, tinodzidziswa, uye tinoziva kana Mesiya auya, Achaita zvinhu izvi.” Ndicho chaiva chiratidzo chaMesiya. Ndizvo here? Kuziva zvaive dambudziko rake. Akati, “Tinoziva kana Mesiya achinge auya, Achatiudza zvinhu izvi. Asi ndiMi Aniko?”

Akati, “Ndini iYe, anotaura newe.”

98 Akasiya chirongo chake chemvura, akamhanyira muguta, ndinofungidzira, akangobata pamoyo pake, uye achitaura, akaisa maoko ake pachipfuva chake achingosvetuka, achiti, “Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Handiye here Mesiya wacho uyu? Handiye here iYe wacho akanzi neBhaibheri achauya? MuJudha hake agere kunze uko, angori Munhuwo zvake, anga achitaridzika sakapenda. Asi Andiudza kuti ndanga ndine varume 5, uye imi mose munoziva kuti ichokwadi ichocho. Uyu anofanira kuva ari Mesiya wacho.” Ndizvo here?

99 Zvino, Jesu akati, “Kwechinguva chidiki, chikamu chidiki chenguva, nyika haichazoNdioni zvachose. Asi, muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi, kunyange mamuri. Uye mabasa aNdinoita muchaaitawo zvakare. Kunyange mazhinji kupinda

aNdakaita pano, muchaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba, ndodzoka zvakare muchimiro cheMweya.”

Chibayiro chakabhadharwa. Mbeu yeHumambo yakafa; Mbeu yeHumambo yakamuka zvakare. Zvino Chechi inomira yakaruramiswa, nokutenda izvozvo, uye Mbeu yeHumambo inogona kupinda muvanhu ava uye kunyange nokuvaita vadyi venhaka pamwe chete, vanakomana nevanasikana vaMwari.

¹⁰⁰ Zvino, kune vamwe venyu kunze uko, vasiri mumutsara uyu wekunamatirwa, ndamuudza kuti angopa vanhu makadhi vari . . . pandamufonera mangwanani ano. Anga andifonera, akati, “Mungada kuti ndiende zasi kunopa makadhi here, baba?”

¹⁰¹ Ndikati, “Kana paine vanhu vanosvika 10 vasiri vepatabhenakeri.”

¹⁰² Zvino, dzimwe nguva mutabhenakeri ndinodana ndichivapa makadhi ekunamatirwa. Munodzoka, moti, “Eya, vanga vachivaziva. Ndeve patabhenakeri. Vanga vachiziva chinhanu chavo. Chokwadi.”

¹⁰³ Zvadaro ndinozoshanduka, ndoti, “Avo chete vasiri vepatabhenakeri, huyai. Zvakanaka. Imi vasiri vepatabhenakeri, ndimi muchava vanopinda mumutsara wokunamatirwa.”

¹⁰⁴ “Oo, tanga tisingavazive,” tabhenakeri inodaro. “Hatizive kuti dambudziko ravo nderei. Anogona kunge anga achinyepa nezvazvo.” Maona?

¹⁰⁵ Ndobva ndati, “Hapana anouya. Regai Mweya Mutsvene ungosarudza avo vari muno vasiri vepatabhenakeri, vakangogara kunze uko.” Zvakadaro, unongo . . .

¹⁰⁶ Hapana nzira zvachose, yekuendesa munhu kuna Mwari, kunze kwekunge akafanotemerwa kuva mwanakomana waMwari. Hapatongorina nzira yekuzviita nayo. Jesu akati, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva.” Uye iChokwadi ichocho. Zvose zvaAkaita, pakanga paine chimwe chinhu chinopesana. “Kana Akazviita nenzira *iyi*, zvaifanira kuva nenzira *iyi*. Uye nenzira *iyi*, zvaifanira kudzoka nenzira *iyi*.” Munoona, kunongova kusatenda chete. Asi huchenjeri hunoruramiswa nevana vahwo. Saka, imi, munoona.

¹⁰⁷ Zvino pano, ndiri kuyedza kutaura ku—kuungano iyi yevanhu, izvi, kuti Jesu Kristu akanga ari Mbeu iya yeHumambo. Hatisi isu; ndiYe. Isu tinongova vadyi venhaka yazvo, asi zvinhu zvose ndezvedu. Ko dai wakamira ipapo zuva riya apo Simoni akauya? Uye, iwe, hapana munhu . . . Ichi ndicho chinhu chekutanga chaAkaita.

¹⁰⁸ Zvino, ndicho chichava chinhu chekutanga kuvanhu ava, kana Akazviita. Havasati vambozviona kumashure.

¹⁰⁹ Asi Simoni paakauya, muredzi wekare, asina kudzidza zvakakwana zvekuti asaine zita rake pakapepa. Bhaibheri rakati

akanga “asingazive uye asina kudzidza.” *Uye* chibatanidzo. Zvose, “asingazive uye asina kudzidza.” Uye zvakare paAkafamba akasvikapo, muchiratidzo, simba... Jesu, Jesu akati, “Zita rako ndiSimoni.” Unofunga kuti akafungei? Ungadai wakafungei dai wanga wakamira ipapo? “Uye zita rababa vako ndiJonasi. Uye kubva zvino uchanzi Petro.” Chii—chii chaungadai wakafunga? Murume uyu anga achiverenga pfungwa dzake here? Zvinoka, chii chaungadai wakafunga? Waizofunga here kuti chaiva chiratidzo chaMesiya?

¹¹⁰ Kana chiri chiratidzo chaMesiya mune rimwe zera, chinofanira kuva chiratidzo chaMesiya, muzera rechipiri, zera rechitatu, zera rechina. Zera roga-roga rinofanira kufanana, nokuti Mwari havagoni kushanduka. Uye vangani vanoziva kuti Mesiya aiva Mwari? Chokwadi. Aiva Muzodziwa. Chokwadi. Saka haAkwanise kushanduka. Anofanira kuva mumwe chete.

¹¹¹ Ndicho chikonzero Aifanira kupupurira chinhu chimwe chete kumaSamaria chaAkaita kumaJudha. Nokuti, marudzi 3 evanhu ndiHamu, Shemu, nevanhu vaJafeti; muJudha, Murudzi, nemuSamaria.

¹¹² Zvino, macherechedza Mweya Mutsvene here? Vangani vanoziva kuti Petro aiva nemakiyi ekuHumambo? Makacherechedza here? Akahuzarura paZuva rePentekosti, kumaJudha. Firipi akadzika akandoparidzira kuvaSamaria, uye akavabhabhatidza muZita raJesu Kristu, asi Mweya Mutsvene wakanga uchigere kuuya pavari. Vakatozotumira kunotora Petro, uyo akaisa maoko ake pamusoro pavo uye vakagamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvo here? Uye imba yaKonerio, ivo—ivo Marudzi vakaUgamuchira. Ndivo vaiva vese ivavo. Kubva ipapo zvichienda mberi, hwakangozaruka kune vese zvino. Saka hezvoka izvo, munoono, Akatozohuzarura. Mwari vane nzira dzavanoita nadzo zvinhu.

¹¹³ Zvino, mangwanani ano, kana Uyu Akapa Vimbiso kuMbeu, uye kana mbeu igere pano... Ndinoda kutenda kuti mumwe nemumwe wenyu muri. Kana Mbeu yakagara pano, zvirokwazvo Mbeu ichaona Vimbiso. Zvino, mumwe nemumwe wevanhu ava vakamira pano vasimudza maoko avo, havasati vambopinda mumisangano. Vayeni kwandiri. Handizive kana 1 wavo. Vangopinda muno. Uye maminetsi mashoma apfuura, Billy avapa kadhi rokunamatirwa, zvino hevanoi vakamira pano. Pane vazhinji venyu kunze uko, vasimudza maoko enyu, kuti manga musina makadhi ekunamatirwa, uye manga muchiri vatorwa pano. Izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Iwe chingotenda kuti uri mudyi wenhaka yechipikirwa ichocho. Chingotenda kuti nemavanga aKe wakapodzwa. Uye zvitende izvozvo nemoyo wako wese, uye woMutarisa.

¹¹⁴ Zvoga zviri chipo ichi, kungozvipira zvizere kwaAri. Handitauri chinhu; iYe ndiye anotaura. Uye kana Uri

Mweya waKe wechiporofita, muporofita aigara aine ZVANZI NAJEHOVHA. Yaigara ichitaura chokwadi. Uye usava nemubvunzo paDzidziso yacho, nokuti inofanira kuenderana neBhaibheri, kana vari Mwari. Mwari havakwanise kutaura chimwe chinhu, zvino vobva pachiri vochimonyorora. Chinofanira kuva chinhu chimwe chete guva dzose.

¹¹⁵ Zvino, imi kunze uko, tendai. Nezvese zviru mamuri, tendai. Zvino musafambe-fambe zvachose. Chingogarai makadzikama chaizvo zvino, munhu wose.

Zvishoma nezvishoma uye zvinyoro-nyoro sekukwanisa kwako.

Zvangoitikawo, mangwanani ano, kuti munhu wekutanga akamira pano murume. Zvino tava kutora Gwaro iri.

¹¹⁶ Zvino munoona here pandimire? Vangani vanogona kuzvinzwisisa? Hevano! varume nevakadzi vakamira pano, vandisati ndamboona, muhupenyu hwangu. Havasati vambova mumusangano zvachose, uye munoona pavakamira. Ivo havazive zvichazoitika. Ini handizive kuti chii chichaitika. Asi Mwari vakazvivimbisa. Abrahama akanga asingazive zvaizoitika paakabuditsa banga kuti auraye Isaka, asi Mwari vakamuvimbisa. Zvakatoringana. Akanga amugamuchira seuyo akabva kuvakafa, achiziva kuti Aigona kumumutsa kubva kuvakafa. Ndizvo here? Saka zvatoringana.

¹¹⁷ Zvino, hepano pamire murume pedyo neni, handisati ndambomuona, hapana chandinoziva nezvake. Tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Hatizivane. Mwari vanotiziva tose tiri vaviri.

Zvino, nechipo chaMwari, kana ndikangogona nechipo. . . Zvino, zvipo izvozvo zvinoberekwa zviru mauri. Mwari vakafanotemera nyika isati yavambwa. Vangani vanoizviza? Saka hachingavi chero chii zvacho chandaiva nacho, kutora chipo. Mwari vakangozvisarudza. Handina kumbozvisarudza. Vakasarudza izvozvo. Maona? Sevaporofoita vemuTestamende Yekare, nevanhu vakasiyana-siyana, vakafanotemerwa kuti vazviite, kuti vaite izvi.

¹¹⁸ Zvino, kana murume uyu achirwara, handikwanise kumupodza. Kana murume uyu ane chaari kuda, zvaizoenderana nechaari kuda kuti ndingagona here kumubatsira kana kuti kwete. Zvingadaro kuti, dai changa chiri chimwewo chinhu chekuti iye. . . chimwe chinhu chidiki chandaikwanisa kumubatsira nacho, handiti, ndaizofara kuzviita. Zvichida ane hashu. Pamwe haasi kana Mukristu. Pamwe Mukristu. Pamwe munyengeri. Handizive. Ko kana achingovawo hake anorwisa zvekunyanga, mumwewo averevedza achipinda, ndokuuya kumusoro kuno achingozviita sechimwe chinhu? Tarisai zvinoitika, munoona, chingo—chingoonai zvinoitika. Handizive.

119 Asi, munoona, unomira pano, wobva wagona kumira zvakakwana, uchiziva kuti Mwari vakaita vimbiso, Mwari vanochengeta vimbiso yaVo. Maona? Zvino, kana Mwari vakachengeta vimbiso yaVo, pakati, ipo pano zvino, kuvanhu ava; vangani kunze uko vachagara kunze uko, uye nemoyo wako wose uchazvitenda? Nemoyo wako wese, uri kuzotenda here? Saka iwe chingonditenda.

120 Zvino ngationei. Ngatitorei Gwaro. Zvino, Simoni Petro akauya kuna Ishe Jesu. Uye achisvika pana Ishe Jesu, Ishe Jesu vakamuudza kuti aiva ani, uye—uye vakamuudza zvinhu nezvehupenyu hwake. Zvino, Jesu mumwe cheteyo ari kurarama nhasi. Iye...Munotenda here kuti Akamuka kubva kuvakafa? Munotenda here kuti Mweya waMesiya iwoyo unogara chaimo muChechi, nhasi, zvimwe chete sezvaWaigara uchiita? Zvakanaka.

121 Zvino, imi muri muungano, musina kadhi rokunamatirwa, tarisai kuno uku moti, “Ishe!” Honguka, hamuna makadhi okunamatirwa muungano, ndaita kuti vose vamire pano. Imi muri muungano itii, “Ishe, iMi ndibatei.” Onai zvinoitika. Ona kuti chii chinoitika...?...

122 Zvino, changamire, dai panga paine imwe nzira munyika yekukubatsirai nayo, ndaizviita. Munoona, ndinongova, hatizivane pano, uye ini—ini ndasangana nemi kekutanga. Asi ndine mungava, semushumiri, kutaura Chokwadi uye nokuva chapupu chaJesu Kristu. Uye, zvino, handidi kuti mundiudze kana chii zvacho. Ndinongoda kuti mundipindure kuti ichokwadi here kana kuti kwete, uye tobva taVarega vachizviita. Uye kana Vakaita zvimwe chetezvo pano papuratifomu, kubudikidza nemutumbi uno, zvaVakaita kubudikidza nemutumbi waJesu!

NdiMwari, muna Kristu. Jesu akati, “Handina chandinoita kusvikira Baba, vari maNdiri, vaNdiratidza. VanoNdiudza zvokuita.” Saka akanga asiri Jesu akaudza mudzimai uyu. Vaive Baba, maAri, vakaudza mudzimai uyu. Akanga—akanga asiri Jesu aiziva kuti Simoni Petro ndiani, ndiBaba vaigara maAri, vaiziva kuti Simoni Petro ndiani. Ndizvozvo. Maona? Ndizvozvo.

123 Ndinogona kukuudzai, zvino, kuti muri Mukristu, hongu, changamire, nekuti mune mweya wa—wa—wakanununguka uri kupfakanyika zvinotapira. Zvino, ivo, mutendi. Ivo Mukristu. Uye muri kutambudzika nechinhano chekuhuta-huta zvinokupai dambudziko remudumbu. Ndizvo here? [Hama inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Maona? Maona? Zvino, ndizvozvo chaizvo. Zvadarwo sei? Ko ndazviziva sei? Ko ndaizombozviziva nenzira ipi izvozvo? Hatisati tamboonana kumashure. Ichokwadi. Handizvo here? [“Ichokwadi.”] Zvimwe Achakuudzai chimwezve chinhu pamusoro penyu. Ndichakuudzai. Hechino chimwe chinhu.

Ndiri kuona mumwe mudzimai pamuri. Anemi. Mudzimai wenyu. Ari kudawo rubatsiro, zvakare. Hongu, changamire. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiuudza pano kuti chii chiri kunetsa pamudzimai wenyu? [“Ndinoziva kuti Vanogona.”] Zvakanaka, changamire. Ane dambudziko remoyo, zvakangovhiringika. Ndizvozvo. Handizvo here? Kuhuta-huta, zvakare. Hongu, changamire. Zvino, hamusi wemuguta rino. Munodzokera nenzira *iyi* pamunoenda kumba, muchienda kuCincinnati. Ndizvozvo. Munobva kuCincinnati, Ohio. Zita renyu ndiMilliken. Dzokerai, dzokerai kumba, mupore. Ishe vachakuropafadzai uye muchapodzwa, imi nemudzimai wenyu. Mwari vakuropafadzei.

Huyai, changamire. Munotenda here? Zvino chingovai nokutenda. Musapokana.

¹²⁴ Zvino ingonyatsoremekedzai. Munhu wose zvino chingonyatsoremekedzai, nyararai. Munooona, Mweya Mutsvene unokanganisika zviri nyore kwazvo. Vangani vanozviziva? Unokanganisika zviri nyore chaizvo, Mweya Mutsvene, munooona, chero chinhu chidiki chinovhiringidza chinoUkanganisa.

¹²⁵ Maererano navanachiremba, munofanira kutofa izvozvi, nedambudziko remwoyo. Ndizvozvo. Mauya pano kubva kuChicago, VaMosley. Zita renyu rekutanga ndiTheodore. Munotenda Mwari here? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvino endai kumba mundorarama, muZita raJesu Kristu, uye mugopora. Mwari vakuropafadzei.

¹²⁶ Munotenda Mwari here? [Hanzvadzi inoti, “Chokwadi ndinodaro. Hongu, changamire.”—Mupepeti] Munotambudzika nechinhano chiri mugumbo renyu. Munobva kunze kweguta, zvakare. Munobva kuOwensboro, Kentucky. Zita renyu ndiMai Lamb. Dzokerai kumba mundopora.

¹²⁷ Mudzimai akagara apo chaipo, zvakare anobva kuOwensboro. Mune bundu rine hurwa pazamu renyu apa. Munofanirwa kuoparetwa, mangwana. Endai, tendai, uye murame.

¹²⁸ Munotenda here, changamire? [Hama inoti, “Hongu, ndinotenda.”—Mupepeti] Tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Zita renyu ndiVaGilmore. Ndizvozvo. Munobva kuAnderson, Indiana, uko kune sangano guru reChurch of God. Ndizvozvo. Makamira pano nekuda kwemwanasikana wenyu ari kutambudzika zvisihoma. Akaoma mitezo zvisihoma. Munotenda here? Zvino endai kumba uye munomuwana nenzira yamunotenda nayo. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. Ivai nokutenda. Tendai.

¹²⁹ Munotenda nemwoyo wenyu wese here, changamire? [Hama inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Munobva kuIndianapolis. Muri mushumiri weVhangeri. Uyo mudzimai

wenyu. Uh-huh. Ari kutambudzikawo zvakare. Ane dambudziko rerumedzo riri murumedzo. Chiremba... Ane dambudziko remoyo; kakuhuta-huta. Ndinoona kuti haanzwe munzeve yake. Chii... Huya pano.

Iwe mweya wematsi, muZita raJesu Kristu, ndinokurayira naMwari mupenyu, buda mumudzimai uyu.

Zvino mava kundinzwa zvakanaka zvino. Munogona kuenda mese kumba monopora. Dzokerai kumba kwenyu. Mavakundinzwa, zvino mapora. Muchaita zvakanaka.

¹³⁰ Munotenda nemoyo wenyu wese here? Ingovai nekutenda muna Mwari. Tendai.

¹³¹ Chirwere chearthritis ichocho nezvinhu chinhu chakaipa zvikuru. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Chibvai mafamba muchidzika neapo. Endai kumba, muchirumbidza Zita raKe, muchiti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu vanodikanwa.”

Chikonzero ndabata izvozvo nekukurumidza, mudzimai uyu anga ane zvimwe chetezvo, arthritis.

Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvakanaka, changamire. Zvino chingofambai muchidzika neapo, uye moti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu,” uye moenda kumba.

¹³² Zvakanaka, hanzvadzi, chingotendeukai modzokera, uye motenda. Mune kuomarara mumabvi enyu, apa, nedambudziko renyu remoyo, nezvimwe zvakadaro. Chingotendeukai mudzokere kumba, moti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu,” uye mugopora. Tendai nezvose zviri mamuri.

¹³³ Munotenda here? Ko kunze uko, vamwe venyu imi vanhu, munotenda here?

¹³⁴ Mudzimai muduku akagara apo, ane bvudzi dema, ane pfari, unotenda here kuti Mwari vachakupodza? Unozvigamuchira here? Zvakanaka. Kana ukadaro, Vanozviita.

¹³⁵ Pano pakagara muparidzi, agere pano, ari kuda kufamba pedyo naMwari. Handizvo here, changamire? Munotenda here kuti Mwari vachakuitirai? Simudzai ruoko rwenyu muti, “Ndinozigamuchira.” Uh-huh.

¹³⁶ Mudzimai uyu akagara apa, aisa ruoko rwake pasi. Ane dambudziko repamweya raari kufunga nezvaro. Ndizvozvo chaizvo.

¹³⁷ Heunoi mudzimai mudiki ari pano, ari kufunga kuti achazova nemwana wake here. Ndizvozvo chaizvo. Manga muri mune mumwe wemisangano yangu. Ndakakuvimbisai, mwana, kubudikidza naMwari. Handina here? Zvakanaka. Zvino endai kumba munova naye. Musanetseka nezvazvo zvachose.

¹³⁸ Munotenda here nemoyo wenyu wose, imi mose? Mumwe nomumwe wenyu anotenda here? Mbeu yaAbrahama ichatora

suwo, suwo remuvengi. Uri Mbeu yaAbrahama here, naJesu Kristu? Simudza maoko ako kana uri.

Zvino isa maoko ako pamusoro pemuvakidzani wako, pane muvakidzani wako, pane mumwe nemumwe. Isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe. Tora suwo zvino. Nderako. Nderako iwe. “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara. Mwari vachavamutsa.” Zvakanaka, namata nenzira yako wega. Namata nenzira yaunoita kucheche kwako. Namatira vanhu vauinavo zvino. Isai maoko enyu pamusoro pomumwe nemumwe munamate.

¹³⁹ Ishe Jesu, tinouya muZita Ramasimba ose guru iroro, reMbeu yeHumambo, Mbeu yaAbrahama, Uyo waakavimbiswa pagomo paMakapa gwayana; uye mukaisa gwayana iroro murenje, chinhu chisinganzwisike, zvimwe chete sezvaMakaita tsindi dziya, nezuro.

Ndinonamata, O Ishe Mwari, kuti Mutumire simba, kutenda. Uye dai Mbeu yose. . . Ndinoziva kuti vachadaro, Ishe, nokuti Makati, “Mbeu yaAbrahama.” Uye kana kwaiva nevamwe pano vanga vachinyepedzera kuva Mbeu, uye vasiri Mbeu, varegerewo nokuda kwechinangwa chavo pano, kana kuti kunyepedzera. Uye dai Mweya Mutsvene wangotungidza mweya yavo nekutenda kunorarama. Dai Mweya Mutsvene wafamba uchipinda mumoyo wose ugopodza munhu wose ari pano. Vakaisa maoko avo pane mumwe nemumwe.

Iye Mbeu yeHumambo akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora.” Uye Uyo Akaita vimbiso ari pano iko zvino, achiZviratidza kuti Ari pano. Heyo Mbeu vaine maoko avo pamusoro pemumwe nemumwe. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Dai Mweya Mutsvene wapinda nemumaoko avo ose, wopinda mumoyo yevanhu, wopinda mumitumbi, uye wopodza munhu wese ari muHupo hwaMwari. Zviitei, Ishe.

Ndinotsiura dhiyabhore. Ndinotsiura kusatenda kwese. Ndinotsiura mweya wose wakaipa. Ndinotsiura wese anonyepedzera. Ndinotsiura chese chinopesana neShoko raMwari. Uye dai Mweya Mutsvene watora nzvimbo yaWo mumoyo yavanhu, iko zvino, kubudikidza nekutenda. Dai hurwere hwese nehosha dzese, dambudziko rose zvasiya vanhu, muZita raJesu Kristu. Amen.

¹⁴⁰ Zvino, Mbeu yaAbrahama, iwe wedzinza rehumambo, iwe wevimbiso, nenyasha nerubatsiro rwaMwari, vangani venyu vanogona kusimudza ruoko rwenyu, moti, “Ndagamuchira zvandakumbira”? Ndatenda. Ndizvozvo. Ndizvo zvakapiirwa vimbiso yacho. Ndizvo zvakapiirwa vimbiso, kuti uve mudyi wenhaka yezvinhu zvose, kubudikidza naJesu Kristu Uyo akakuponesa. Akakuponesa kubva kuchivi. Akakuponesa kubva


pahurwere. Akakuponesa kubva parufu. Akakuponesa kubva kugehena. Akakuponesa kubva muguva.

¹⁴¹ Unoti, “Hama Branham, asi tose tinopinda muguva.” Asi guva harigoni kutibata. Akaenda kwariri, zvakare, asi harina kugona kuMubata. Zvirokwasvo. Harikwanise kuMubata.

¹⁴² “Asika, Hama Branham, ndinoyedzwa kwazvo.” Akayedzwawo, zvakare. Asi Akakuponesa kubva pamuyedzo.

¹⁴³ “Musatipinza pakuyedzwa, asi mutidzikinure kubva pane zvakaipa.” Munoona, Akazviita. Zvose ndezvako. Zvinhu zvose ndezvako, kubudikidza naJesu Kristu. Anokupa zvinhu zvose, pachena. Hapana mubhadharo pazviri, kana chinhu. Zvinongova zvako iko zvino. Hamufari nekuda kwazvo here? Hamufari nekuda kwaKe here? Mwari ngavavongwe.

¹⁴⁴ Zvino, pachava neshumiro, manheru, ano. Hongu. Manheru ano, 7:30 manheru ano. Ndichaita kuti mufundisi vakuudzei. Huyai henyu. Huyai henyu.

Zvino, mangwanani eSvondo inotevera, Ishe vakanaka vachitendera, ndichadzoka kuzonamatira vanorwara, patabhenakeri, kana chero hako. 

59-1108 Kutora Masuwo Emuvengi
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org